

# Deklarasyon Non-Diskriminasyon

Dapre lwa federal dwa sivil yo ak règleman ak politik sou dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (USDA), enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, andikap, laj, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram yo ka disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen komunikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram nan (pa egzanp, Bray, Gwo lèt, Kasèt odyo, Lang Siy Ameriken), ta dwe kontakte ajans leta oswa lokal ki responsab ki administre pwogram nan oswa USDA TARGET Center a nan (202) 720-2600 (vwa ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Relè Federal nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent pou diskriminasyon nan pwogram, yon moun ki pote plent dwe ranpli yon Fòm AD-3027, yo ka jwenn Fòmilè pou plent kont diskriminasyon nan pwogram USDA a sou Entènèt nan : <https://www.usda.gov/sites/default/fi...>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (866) 632-9992, oswa lè w ekri yon lèt ki adres a USDA. Lèt la dwe genyen non moun ki pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a ak ase detay pou enfòme Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) sou nati ak dat yon swadizan vyolasyon dwa sivil la. Fòm oswa lèt AD-3027 ki ranpli a dwe soumèt bay USDA pa :

lapòs : U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410;

oswa faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442;

oswa imel: [program.intake@usda.gov](mailto:program.intake@usda.gov)

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.